



Pou Piblikasyon Imedya: 24/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 28 MILYON DOLA POU KONBAT VYOLANS AK ZAM, POU OGMANTE OPÔTINITE POU JËN AK RANFÔSE SEKIRITE PUBLIK NAN SÈT VIL NAN ETA NEW YORK**

*Albany, Buffalo, Mount Vernon, Newburgh, Rochester, Syracuse ak Yonkers yo chak pral resevwa jiska 4 milyon dola atravè Project RISE: Reponn, Envesti, Soutni ak Otonomize*

*Finansman an pral ede òganizasyon ki baze nan kominate yo idantife bezwen, twou vid ki genyen nan sèvis yo epi devlope plan pou elaji pwogramasyon pou jën ak fanmi yo epi amelyore sekirite piblik*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite 28 milyon dola pou ede sèt vil - Albany, Buffalo, Mount Vernon, Newburgh, Rochester, Syracuse ak Yonkers - konbat vyolans ak zam atravè eta a. Finansman sa a ap disponib atravè *Pwojè pou Reponn, Envesti, Soutni ak Otonomize (Respond, Invest, Sustain and Empower, Project RISE)* - pou bay òganizasyon kominotè yo nan chak vil jiska 2 milyon dola pou aplike, elaji ak amelyore pwogram ak sèvis ki ogmante opòtinite pou jën ak fanmi yo, otonomize katye yo ki afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pa vyolans ak zam ak amelyore sekirite piblik. Anplis de sa, yo ap mete disponib 2 milyon dola nan finansman kapital nan chak vil pou sipòte sèvis prevansyon vyolans sa yo ak katye ki pi an sekirite.

"Flewo vyolans ak zam lan egzije envestisman solid sou plizyè fwon, epi lè nou envesti nan òganizasyon lokal atravè Project RISE nou pral ede satisfè bezwen chak katye yo, abòde defi lokal yo, epi bay solisyon efikas, dirab", **Gouvènè Hochul te deklare.**  
"Finansman sa a ak patenarya sa yo pral amelyore, ranfòse ak elaji repons konplè Eta a kont vyolans ak zam nan chak vil sa yo, sa k ap ede abòde kòz rasin vyolans ak zam yo epi kreye katye ki pi an sekirite pou tout Nouyòkè yo."

"Gouvènè a ak mwen ap asiste ogmantasyon vyolans ak zam sa a nan tout ang, double sekirite piblik la. Anplis angaje fòs lòd yo, ranfòse lwa kont zam ak òganize pwogram racha zam, nou ap otonomize kominate yo tou atravè efò sansibilizasyon yo", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Nouvo Project RISE la pral pèmèt gouvènman lokal yo ak òganizasyon kominotè yo dirije finansman an kote yo plis bezwen li."

Gouvènè Adjwen Delgado te rejwenn lidè eli, kominotè, ak fòs lòd yo nan Boys & Girls Club nan Mount Vernon maten an pou esplike envestisman enpòtan eta a nan Project RISE, yon pati nan plan divès aspè administrasyon an pou adrese ogmantasyon nan fiziyad ak omisid ki gen rapò ak zam afe depi kòmansman pandemi COVID-19 la. Devlope ak administre paDivizyon Sèvis Jistics Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS), Project RISE pèmèt moun ki gen enterè lokal yo nan chak vil devlope yon plan konplè pou finansman ki adrese bezwen inik nan katye yo. Pandan ke vyolans ak zam nan sèt kominote sa yo ak 13 lòt ki patisipe nan [inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam \(Gun Involved Violence Elimination, GIVE\)](#) eta a te bese nan uit premye mwa yo ane sa a lè yo konpare ak 2021, li pa te diminye nan nivo anvan pandemi an.

**Komisè Divizyon Sèvis Jistics Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare**, "Mwen te vwayaje atravè eta a, mwen te rankontre ak moun ki gen enterè nan chak kominote sa yo, pou pi byen konprann lit ak obstak moun ak òganizasyon yo rankontre pandan n ap travay ansanm pou diminye vyolans ak zam. Project RISE pral ede nan finanse ak sipòte òganizasyon kominotè ki egziste yo, ki aktif, epi ki pi piti ki nan tranche yo chak jou, bay sipò ak sèvis ki rive nan kòz rasin vyolans ak zam lan. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul ak Gouvènè Adjwen Antonio Delgado pou sipò solid yo bay gwooup kominotè yo ak moun k ap travay pou etabli ak kenbe lapè."

Komisè Rosado ak anplwaye ki soti nan Biwo Jistics pou Jèn (Office of Youth Justice) DCJS la te òganize sesyon pou tandem kominotè yo ak atelye pati konsène yo nan sèt vil yo ete sa a pou aprann nan men rezidan yo ak reprezantan òganizasyon kominotè yo, lekòl yo, gouvènman lokal yo ak lapolis, pou site sa sèlman, sou pwogram aktyèl yo, twou vid ki genyen nan sèvis yo, baryè ak aksè, ak defi yo fè fas lè yo ap eseye abòde enpak alontèm vyolans lan.

Apre reyinyon sa yo, anplwaye Biwo Jistics Jèn yo te travay ak rezidan lokal yo ak moun ki gen enterè yo pou etabli yon Komite Pilotaj pou Project RISE, manm sa yo ki responsab pou ankouraje kolaborasyon kontinyèl, idantifye pwogram ak sèvis pou finansman, epi aplike plan vil yo pou atenn objektif pwogram lan:

- Bati kapasite yon kominote lokal pou aplike ak soutni pwogramasyon pou adrese faktè ki kache ki kontribye nan vyolans nan kominote a; epi
- Ranfòse repons fas ak vyolans nan kominote a gras ak patenarya kominotè ak pwogramasyon ogmante nan optik gerizon ak ekite.

Komite Pilotaj nan chak vil pral idantifye jiska kat òganizasyon kominotè ki elijib pou resevwa prim jiska 500,000 dola (2 milyon dola total) epi resevwa asistans teknik nan men anplwaye Biwo Jistics Jèn yo pou devlope yon plan ki detaye kijan yo pral distribye finansman an. Yo ka itilize finansman Project RISE nan chak vil pou sipòte konsèy, sèvis sante mantal, pratik restoratif, konstriksyon konfyans nan kominote a, sipò travay ak edikasyon, ak aktivite pou developman jèn yo, pou site pwogram sa yo sèlman ak sèvis ki adrese chòk ki soti nan ekspozisyon ak vyolans alontèm, bati rezistans ak

ranfòse jèn yo, fanmi yo ak katye yo. Chak kominote kapab jwenn tou jiska 2 milyon dola nan finansman kapital pou sipòte pwogram li chwazi aplike yo.

DCJS te itilize yon apwòch ki baze sou done pou idantifye sèt kominote inisyal Project RISE yo, analize done demografik ak done povrete pou chak vil jan sa endike nan Sondaj Kominotè Ameriken (American Community Survey) an; ak enfòmasyon sou krim vyolans ak fiziyad ke depatman lapolis chak vil rapòte bay eta a.

**Lidè Majorite Sena Eta a, Andrea Stewart-Cousins te deklare**, "Nou dejapran mezi desizif pou konfwonte vyolans lè nou adopte lwa sekirite kont zam entelijan ki alatèt nan peyi a, men nou dwe kontinye envesti nan kominote nou reprezante yo pou amelyore patenarya nou yo. Mwen byen kontan nou te kapab sekirize envestisman 28 milyon dola sa a atravè pwojè RISE la pou kontinye bati sou travay nou te kòmanse pou ranfòse patenarya ant fòs lòd yo ak kominote yo ki te andomaje yon fason ki pa pwopòsyonèl pa sistèm jistisyè a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Gouvènè Adjwen Antonio Delgado paske yo te envesti nan kominote nou yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

**Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare**, "Antanke yon papa ak yon lejislatè, pa ka gen anyen ki pi ijan pase kenbe timoun nou yo ak kominote nou yo an sekirite kont flewo vyolans ak zam lan. Epidemi vyolans ak zam lan egzije yon repons pratik, ki dirije pa kominote a epi nou dwe itilize tout zouti ki nan dispozisyon nou pou satisfè bezwen moman sa a. Project RISE reprezante yon etap enpòtan pou pi devan pou otorize ak leve kominote yo ki pi frape pa vyolans zam yo. Pwogramasyon ak sèvis finansman sa a sipòte yo pral transfòmatif pou vil Mount Vernon ak kominote yo toupatou nan eta a. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Gouvènè Adjwen Antonio Delgado pou envestisman sa a nan avni timoun nou yo ak moun ak òganizasyon ki devwe k ap travay nan kominote nou yo pou sove anpil lavi."

**Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare**, "Malerezman, gen twòp vyolans ak zam nan Newburgh ke mwen reprezante, kidonk mwen kontan wè angajman Gouvènè a pou konbat vyolans ak zam nan yon apwòch ki gen twa volè ke mwen te defann ak sipòte depi lontan. Premyèman, sispann trafik ilegal zam ak sikilasyon zam ilegal ki soti andeyò Eta a otou tiyo an fè I-95 la ak lòt kote. Dezyèmman, retire zam nan men moun ki gen anpil chans pou koze mal pou tèt yo ak lòt moun atravè ekspansyon ak ranfòsman Lwa sou Sinal Alam (Red Flag Law) lan. Twazyèmman, envesti nan jèn nou yo pou yo gen aktivite apre lekòl pou retire yo nan lari yo ansanm ak yon chemen karyè nan travay ki byen peye. Project RISE adrese twazyèm pati apwòch konplè sa a pou vyolans ak zam lan. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li ale odela diskou chak jou ak yon apwòch solid pou konbat vyolans ak zam."

**George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester a, te deklare**, "Konbat vyolans nan kominote nou yo mande yon apwòch koperatif ak tout nivo gouvènman an - e sa ki pi enpòtan - moun yo ki gen enterè nan kominote a. Project RISE se yon rezulta apwòch koperativ sa a. Mwen remèsye Gouvènè a, Adjwen Gouvènè a ak tout patnè nou yo pou travay yo sou pwoblèm sekiriteiblik enpòtan sa a."

**Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare**, "Pou vin yon lidè vle di koute kominate nou yo epi aji, epi mwen felisite Gouvènè Hochul paske li fè sa chak jou - espesyalman nan sa ki gen pou wè ak konbat vyolans ak zam. Pwogram prevansyon vyolans ak zam Eta New York ki pwouve yo te ede diminye fiziyad yo pa plis pase 30% an 2021, epi nou pral kontinye travay kòt a kòt ak patnè lokal, eta ak federal nou yo pou amelyore sekirite publik epi retire zam ilegal - epi souvan andeyò eta - nan lari nou yo. Mèsi Gouvènè Hochul paske li montre yon lòt fwa ankò ke li pral itilize tout resous ki disponib pou sipòte kominate nou yo epi kenbe rezidan nou yo an sekirite."

**Majistra Syracuse, Ben Walsh, te deklare**, "Biwo Majistra Vil Syracuse la pou Redui Vyolans Zam (City of Syracuse Mayor's Office to Reduce Gun Violence) te fonksyone pou sèlman sis mwa epi li deja kreye nouvo nivo koperasyon ak patenarya nan kominate nou an. Biwo a ap devlope tou yon estrateji konplè ki baze sou done ak angajman ak pati konsène yo pou finalman kwape vyolans ak zam lan nan Syracuse. Pa gen okenn dout ke pandemi an agrave kòz prensipal yo ki kontribye nan vyolans ak zam lan. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li bay nouvo finansman sa a atravè Project RISE, pou Vil la ak patnè kominotè nou yo ka ogmante resous yo nan pwogram ki travay yon fason efikas epi ki prezante nouvo entèvansyon ki ede jèn yo ak fanmi yo epi amelyore sekirite publik nan Syracuse."

**Majistra Rochester, Malik Evans, te deklare**, "Ekip mwen an ak mwen ap travay ak dilijs chak jou pou amelyore sekirite publik ak diminye krim vyolan epi asistans akeyan sa a pral kontribiye yon fason konsiderab pou amelyore kalite lavi pou moun Rochester yo. Nou wè chak jou bilan vyolans ak zam sou vil nou an, kidonk nou rekonesan anpil pou envestisman Gouvènè Hochul fè nan Rochester ak nan vil yo atravè eta a."

**Majistra Mount Vernon lan, Shawyn Patterson-Hooward, te deklare**, "Pwoliferasyon zam ki inonde kominate nou yo, ansanm ak ogmantasyon sante mantal nan epòk pandemik an, deja lakòz yon ogmantasyon nan vyolans ki gen rapò ak zam, ak twomatiz nan kominate nou yo atravè peyi a. Finansman enpòtan sa a bay òganizasyon san bi likratif ki pi piti nou an yo abilité pou devlope kapasite administratif yo epi pèmèt yo travay avèk nou pou diminye krim. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Lt. Gouvènè Delgado dèske kominate yo te gen plis enpak sou pwoblèm sa yo sou premye liy finansman pou ede konbat kont krim."

**Majistra Newburgh la, Torrance Harvey, te deklare**, "Mwen dwe yon gwo dét rekonesans anvè Gouvènè Kathy Hochul antanke Majistra vil Newburgh! Sibvansyon Project RISE sa a pou sèt vil ki gen ladan Newburgh NY, se yon lòt egzanp ankò ki montre jan Gouvènè nou an enterese nan koute vwa moun k ap rele pou vrè solisyon pou vyolans ak zam ak pwoblèm sante mantal ak yon myriad pwoblèm sosyal/ekonomik yo ap fè fas sou teren an tan reyèl. Efò sa a pral bay aksyon dirèk pou moun yo nan gwo vil nou an & eta nou an!"

**Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare**, "Project RISE se yon pwogram inovan ki pral bay òganizasyon kominotè ke yo fè konfyans yo resous ki nesesè pou ede redwi

vyolans san sans zam. Lè nou konsantre sou elaji opòtinite pou jèn nou yo, n ap kapab ranfòse sekirite publik epi konstwi yon avni ki pi solid pou kominote nou yo. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak patenarya kontinyèl li nan efò yo nou pou diminye vyolans ak zam nan kominote nou an."

Gouvènè Hochul te sekirize 227 milyon dola nan Bidjè Ane Fiskal 2023 eta a pou finanse Project RISE ak lòt inisyativ DCJS administre pou ranfòse efò prevansyon vyolans ak zam nan alafwa òganizasyon fòs lòd yo ak òganizasyon kominotè yo. Inisyativ sa a yo gen ladan:

- 20.9 milyon dola pou [inisyativ kont vyolans ak zam SNUG ak kominotè yo](#) pou sipòte lòt pwogram SNUG yo; ogmante pwogramasyon yo pou ede satisfè bezwen debaz jèn vilnerab yo; bay fòmasyon ki baze sou preparasyon pou travay ak plasman nan travay; epi lanse yon pwogram pou rekrite ak kenbe travayè sensibilizasyon yo; epi apeprè 4 milyon dola nan finansman federal atravè Biwo Sèvis Victim (OVS) lan pou entegre sèvis travay sosyal yo nan pwogram SNUG yo;
- 18.2 milyon dola pou ajans fòs lòd yo ki patisipe nan [inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam](#) nan Eta New York, ki se pi gwo envestisman Eta a nan pwogram nan, pou deplwaye estrateji ki baze sou prèv pou redwi fiziyad epi sove lavi nan 20 kominote yo nan 17 konte ki pi frape pa vyolans ak zam; epi
- 15 milyon dola pou dis Sant Analiz Krim New York yo, ki kolekte epi pataje entèlijans kriminèl - ki gen ladan done sou zam krim - pam plis pase 350 ajans fòs lòd eta ak lokal yo, k ap sèvi kòm yon resous enpòtan pou dekouraje, envestige, ak rezoud krim, tankou krim vyolan ki enplike zamafe yo.
- 20 milyon dola nan [sibvansyon teknoloji pou aplikasyon lalwa](#), k ap enkli lektè plak lisans, kamera siveyans mobil ak fiks, veyikil ayeryen san pilòt, aparèy deteksyon zam, ekipman entelijan pou patwouy machin ak ofisyé, ak lòt kalite ekipman sekirite publik.

Bidjè a gen ladan tou [yon 10 milyon dola adisyonèl pou sipòte kamera yo mete sou kò yo, ansanm ak 20 milyon dola finansman sèvis anvan pwosè nan tout konte yo andeyò Vil New York](#) pou sipòte yon kontinie sèvis anvan pwosè, ki enkli depistaj ak evalyasyon, sipèvizon, yon sistèm jesyon dosye santralize, ak pataj enfòmasyon ki afekte ak sistèm tribinal la.

[Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la](#) se yon ajans sipò pou jistis kriminèl ki gen plizyè fonksyongen epi ki gen divès responsabilite, ki gen ladan yo fòmasyon pou fòs lapolis yo; koleksyon ak analiz done krim atravè tout eta a; konsèvazyon dosye enfòmasyon istwa kriminèl ak anprent yo; sipèvizon administratif baz done ADN eta a, an patenarya avèk Lapolis Eta New York la; finansman ak sipèvizon pwogram libète kondisyonèl ak pwogram penitansye kominote yo; jesyon finansman jistis penal federal ak eta yo; sipò

pou ajans ki gen rapò ak jistis penal toupatou atravè eta yo; ak jesyon Rejis Delenkan Seksyèl eta a (State's Sex Offender Registry). Swiv ajans lan sou [Twitter](#) ak [Facebook](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418